



Aplikasyon pou Lisans/Sètifika Leta pou Estimaté Byen Imobilye

Li enstriksyon yo avèk anpil atansyon anvan ou ranpli aplikasyon an. N ap retounen aplikasyon ki pa fin ranpli yo, epi sa ap lakòz ou jwenn reta pou resevwa lisans ou. Si ou manke mete yon enfòmasyon, si ou mete enfòmasyon ki pa gen prezizyon oswa si ou pa bay tout enfòmasyon yo nan yon aplikasyon oswa si ou pa bay tout dokiman sipò, nou ka gen rezon ki ase pou ba ou refi pou yon lisans, oswa, si nou ba ou yon lisans, nou kapab sispann li oswa anile li.

Yon aplikasyon ou ranpli dwe gen ladan fòm aplikasyon ki gen yon sèl bò; frè apwopriye a; ak sa ki endike anba la a:

- A — Edikasyon
- B — Travay
- C — Rapò sou Eksperyans
- D — Fèy Eksperyans
- E — Fè Eksperyans Jeneral Estimaté
- F — Melanj Eksperyans Tradisyonèl ak Eksperyans Jeneral Estimaté

Nòt: Tout moun ki aplike yo dwe ranpli fòm aplikasyon yon sòl bò a (paj 5 ak paj 6) ak Dokiman Sipleman A, B ak dokiman sipleman eksperyans apwopriye (yo). Si ou aplike dapre yon melanj eksperyans tradisyonèl ak eksperyans jeneral estimaté, ou dwe ranpli Dokiman Sipleman F tou.

Ki egzijans ki genyen pou lisans/sètifika?

Gen twa (3) egzijans debaz pou yon lisans/sètifika.

1. Edikasyon an obligatwa pou tout moun ki aplike yo epitou li baze sou kategori lisans/sètifika ou aplike pou li a.
2. Yon egzamen alekri. (pa disponib pou asistan estimaté)
3. Eksperyans obligatwa pou tout moun ki aplike yo epi li baze sou kategori lisans/sètifika ou aplike pou li a. Moun ki aplike epi ki pa satisfè egzijans eksperyans yo ka kalifye pou yon lisans asistan estimaté.

Ki kategori lisans/sètifika ki genyen, ki frè pou peye pou li, epi konbyen tan lisans lan ap dire?

Lisans Leta pou Estimaté Byen

Imobilye Rezidansyèl	\$355*	2 zan
Sètifika Leta pou Estimaté		
Imobilye Rezidansyèl	\$355*	2 zan
Sètifika Jeneral Leta		
pou Estimaté Byen Imobilye	\$355*	2 zan
Lisans Leta pou		
Asistan Estimaté Byen Imobilye	\$250	2 zan
Pwovizwa	\$125	1 ane
Ekivalan	\$330	2 zan

* gen ladan frè \$250 dola pou aplikasyon, frè \$80 dola pou anrejistremant federal ak frè \$25 dola pou aplikasyon pou egzamen an.

Èske gen yon frè pou egzamen an?

Wi. Gen yon frè aplikasyon pou egzamen an. Frè sa a se \$25 dola epi li fè pati nan frè pou aplikasyon orijinal la. Nou detèmine frè pou egzamen an sèlman epi nou peye li dirèkteman ba founisè tès la. Founisè tès nou apwouve yo endike nan lis ki nan avi pou admisyon estimaté ou oswa ou kapab jwenn lis la sou sitwèb nou nan www.dos.ny.gov. **Tanpri Sonje:** Si w ap *aktyalize* lisans asistan estimaté ou epi si ou te deja pase pran ak pase egzamen apwopriye a nan 24 mwa anvan yo, ou p ap gen pou peye frè \$25 dola aplikasyon pou egzamen an. Apati 1ye janvye 2015, asistan estimaté yo pa kalifye ankò pou yo pran yon egzamen pou yo aktyalize yo jouk lè yo satisfè tout kritè kalifikasyon yo epitou jouk lè yo soumèt yon aplikasyon pou kategori sa a.

Ki fòm peman ou aksepte?

Ou ka peye avèk chèk oswa avèk chèk postal (money order) ki ekri sou non Department of State oswa ou ka peye avèk MasterCard oswa Visa, avèk yon fòm otorizasyon pou kat kredi. Pa voye lajan kach. **Nou pa ranbouse frè aplikasyon an.** W ap gen pou peye yon frè \$20 dola pou nenpòt chèk bank ou retounen.

Ki egzijans ki genyen pou edikasyon an?

Moun ki aplike pou lisans/sètifika estimaté dwe satisfè egzijans pou edikasyon depi yo patisipe nan kou obligatwa yo ki endike pou chak klasman. Dapre Seksyon 1103.2 règ ak règleman Depatman an (19NYCRR), ou dwe patisipe nan kou ki endike anba la yo pou klasman estimasyon rezidansyèl ak jeneral:

Asistans Estimaté (154 èdtan)

NÒT: Ou dwe patisipe nan edikasyon ki admisib pou asistan estimaté nan peryòd senkan anvan dat aplikasyon an.

Prensip Debaz Estimasyon (R-5)	30 èdtan
Pratik Debaz Estimasyon (R-6)	30 èdtan
USPAP Nasyonan pandan 15 Èdtan	15 èdtan
Analiz Mache Rezidansyèl ak	
Itilizasyon Siperyè/pi bon itilizasyon (R-7)	15 èdtan
Apwòch Evalyasyon ak Pri Espas Estimasyon	
Rezidansyèl (R-8)	15 èdtan
Apwòch Konparezon ak Revni Lavant	
Rezidansyèl (R-9)	30 èdtan
Redaksyon Rapò Rezidansyèl ak Etid	
Dosye (R-10)	15 èdtan
Estimaté Sipèvizyon/Estimaté Estajye	
Kou	4 èdtan

Estimaté Byen Imobilye Rezidansyèl ki gen Lisans Leta (150 èdtan)
+ Diplòm Asosye oswa Diplòm avanse oswa 30 èdtan kredi semèn

Aplikasyon pou Lisans/Sètifika Estimaté Byen Imobilye

nan yon kolèj ki gen akreditasyon, kolèj pre-inivèsitè, kolèj kominotè, oswa inivèsite.

Prensip Debaz Estimasyon (R-5)	30 èdtan
Pratik Debaz Estimasyon (R-6)	30 èdtan
USPAP Nasyonal pandan 15 Èdtan	15 èdtan
Analiz Mache Rezidansyèl ak Itilizasyon Siperyè/pi bon itilizasyon (R-7)	15 èdtan
Apwòch Evalyasyon ak Pri Espas Estimasyon Rezidansyèl (R-8)	15 èdtan
Apwòch Konparezon ak Revni Lavant Rezidansyèl (R-9)	30 èdtan
Redaksyon Rapò Rezidansyèl ak Etid Dosye (R-10)	15 èdtan

Estimaté Byen Imobilye Rezidansyèl Sètifye Leta (200 èdtan)+ Lisans oswa diplòm avanse

Prensip Debaz Estimasyon (R-5)	30 èdtan
Pwosedi Debaz Estimasyon (R-6)	30 èdtan
USPAP Nasyonal pandan 15 Èdtan	15 èdtan
Analiz Mache Rezidansyèl ak Itilizasyon Siperyè/pi bon Itilizasyon (R-7)	15 èdtan
Apwòch Evalyasyon ak Pri Espas Estimasyon Rezidansyèl (R-8)	15 èdtan
Apwòch Konparezon ak Revni Lavant Rezidansyèl (R-9)	30 èdtan
Redaksyon Rapò Rezidansyèl ak Etid Dosye (R-10)	15 èdtan
Estatistik, Modelizasyon ak Finans [Statistics and Finance (SMF)]	15 èdtan
Aplikasyon Rezidansyèl Avanse ak Etid Dosye (R-11)	15 èdtan
Entwodiksyon nan Pwopriyete Rezidansyèl ki Bay Revni (RE-1) OSWA	20 èdtan
Lojman San Patipri, Aksè Egalego nan Prete Lajan ak Pwoblèm Anviwònman (RE-2)	20 èdtan

Estimaté Byen Imobilye ki Gen Sètifika Leta (300 èdtan)+ Diplòm Asosye oswa Diplòm avanse

Prensip Debaz Estimasyon (R-5)	30 èdtan
Pwosedi Debaz Estimasyon (R-6)	30 èdtan
USPAP Nasyonal pandan 15 Èdtan	15 èdtan
Analiz Mache Jeneral ak Itilizasyon Siperyè/pi bon Itilizasyon (G-4)	30 èdtan
Estatistik, Modelizasyon ak Finans (SMF)	15 èdtan
Apwòch konparezon Lavant Jeneral Estimaté (G-5)	30 èdtan
Apwòch Jeneral Evalyasyon ak Pri Espas Estimasyon (G-6)	30 èdtan
Apwòch Jeneral Revni Estimaté (G-7)	60 èdtan
Redaksyon Rapò Jeneral Estimaté ak Etid Dosye (G-8)	30 èdtan
Lojman San Patipri, Aksè Egalego nan Prete Lajan ak Pwoblèm Anviwònman (GE-1)	15 èdtan
Estimasyon nan Espesyalite (GE-2) OSWA	15 èdtan
Itilizasyon Kalkilatè Finansye HP12C (GE-3)	15 èdtan

Ki egzijans ki genyen pou eksperyans lan?

Estimaté Byen Imobilye ki Gen Lisans Leta

2,000 èdtan eksperyans sou yon peryòd ki pa depase 24 mwa.

Estimaté Byen Imobilye ki Gen Sètifika Leta

2,500 èdtan eksperyans sou yon peryòd ki pa depase 24 mwa.

Eksperyans rezidansyèl dwe gen ladan eksperyans nan kay pou yon sèl fanmi, kay pou anpil fanmi, pasèl teren lib oswa bitasyon agrikòl.

Estimaté Byen Imobilye Jeneral ki Gen Sètifika Leta

3,000 èdtan eksperyans sou yon peryòd ki pa depase 30 mwa epi ladan dwe gen omwen 1,500 èdtan nan travay estimasyon ki pa nan kay rezidansyèl.

Nòt: Ou dwe gen eksperyans lan nan peryòd 5 kan anvan ou soumèt aplikasyon ou. Ou dwe satisfè kantite èdtan eksperyans lan nan moman ou pase nan pwosesis estimasyon an. Pwosesis estimasyon an gen ladan: analiz faktè ki afekte valè a; definisyon pwoblèm nan; rasanblaj ak analiz done; aplikasyon analiz ak metodoloji apwopriye; epitou ou dwe jwenn yon opinyon epi rapòte opinyon an kòrèkteman annakò avèk USPAP. Inèdtan eksperyans defini kòm tan ki ka verifye ou pase nan fè travay yo dapre pratik estimasyon ki akseptab. Pratik estimasyon pwopriyete imobilye ki akseptab pou kredi pou eksperyans gen ladan estimasyon, revizyon estimasyon, konsiltasyon nan estimasyon, ak estimasyon jeneral. Ou dwe gen tout eksperyans yo apre 30 janvyè 1989, epitou li dwe annamoni avèk USPAP. Eksperyans yon moun ki aplike dwe nan travay estimasyon ki konfòm avèk Estanda 1, 2, 3, 4, 5 ak/oswa 6, kote estimaté a montre li konpetan nan prensip, metodoloji, pwosedi (devlopman) estimasyon, ak rapòtaj konklizyon.

Èske mwen gen pou bay dokiman eksperyans tankou kopi vrè rapò estimasyon, dokiman sipò oswa lòt done yo itilize pou devlope estimasyon (sètadi, nòt, rapò MLS, elatriye) nan moman aplikasyon an?

Non. W ap sèlman bezwen ranpli "rapò eksperyans nan estimasyon an" ak "fèy eksperyans estimaté a" nan moman aplikasyon an.

Men, ou ta dwe gen tout kalite dokiman yo. Apre premye reprimand/sètifika, nou ka mande ou pou verifye nenpòt oswa tout eksperyans ou fè konnen ou genyen.

Kisa yo konsidere kòm eksperyans ki akseptab?

1. Revizyon Estimasyon yo:

Si ou te fè yon "revizyon estimasyon," kit li defini kòm "revizyon teren" oswa kòm yon "revizyon dokiman" oswa yon melanj toulède, w ap resevwa jiska maksimòm kantite èdtan nou aksepte nan kalandriye eksperyans estimaté. Ou dwe ranpli Dokiman Siplemanntè C ak D.

Nòt: Nou ka itilize Revizyon Estimasyon yo pou kredi pou eksperyans admisib sèlman jiska yon maksimòm 25% kantite èdtan ki obligatwa yo.

Klas	Kredi Maksimòm	
	Ki Obligatwa Eksperyans	Nou Aksepte pou Revizyon Estimasyon
Lisans Leta pou Estimè Byen pou Estimè Byen Imobilye	2,000 èdtan	500 èdtan
Sètifika Leta pou Estimè pou Estimè Byen Imobilye	2,500 èdtan	625 èdtan
Sètifika Jeneral Leta pou Estimè Byen Imobilye	3,000 èdtan	750 èdtan

2. Eksperyans Jeneral nan Estimasyon:

Dapre règleman 1102.7, moun ki aplike pou lisans/sètifika ka resevwa kredi pou eksperyans jeneral nan estimasyon. Tanpri gade Dokiman Sipleman E aplikasyon an, epi ranpli li.

Kisa pou mwen fè si mwen gen yon melanj eksperyans jeneral ak eksperyans tradisyonèl nan estimasyon?

Si ou te melanje eksperyans yo, tanpri gade Dokiman Sipleman C, D, E ak F, epi ranpli yo.

Kisa yo konsidere kòm eksperyans ki pa akseptab?

1. **Estimasyon valè mache** kòm moun ki gen lisans nan byen imobilye anrapò avèk lis ak/oswa lavant byen imobilye; pa egzanp “analiz mache konparatif.”
2. **Estimasyon biznis.** (N ap bay kredi pou estimasyon pasèl teren byen imobilye komèsyal endividyèl.)
3. **Estimasyon byen imobilye endividyèl.**
4. *Fezabilite oswa analiz mache*, sof nan limit “valè mache” w ap estime pou yon pwòjè byen imobilye yo pwopoze.

Kisa pou mwen fè si mwen pa satisfè kalifikasyon pou eksperyans lan?

Si ou pa satisfè kalifikasyon yo pou eksperyans lan, ou ka aplike pou yon lisans Asistan Estimè.

Kijan pou mwen kalifye kòm yon Asistan Estimè Byen Imobilye ki Gen Lisans Leta?

Moun ki aplike pou Asistan Estimè Byen Imobilye ki Gen Lisans Leta dwe:

- depoze yon aplikasyon estimè avèk frè \$250 dola;
- satisfè kondisyon minimòm edikasyon an;
- pou estimè sètifye Eta New York ki anrejistre nan Depatman-Deta (Department of State) sipèvizè ou nan jan ou bay sèvis yo kòm yon estimè sipèvizyon ki dwe siyen rapò estimasyon yo tou;
- itilize menm Estanda Regilye Pratik Estimasyon Pwofesyonèl kòm yon estimè ki gen lisans oswa sètifika leta.

Lè ou satisfè egzijans aplikasyon Depatman-Deta, Depatman an ap ba ou yon lisans Leta kòm Asistan Estimè Byen Imobilye pou 2 zan epi ki renouvlab.

Si ou Asistan Estimè ta dwe vin gen eksperyans pou yon estimè lisansye oswa sètifye, aplikasyon li dwe konfòm avèk kèlkeswa egzijans pou egzamen ak edikasyon ki egziste pou kategori sa a nan moman an.

Èske yon Asistan Estimè kapab kalifye pou pran egzamen estimè?

Non. Asistan Estimè ki satisfè egzijans pou eksperyans pou klasman estimè yo vle aktyalize ladan an dwe soumèt yon “nouvo” aplikasyon estimè pou klasman estimè sa a. Apre nou revize ak aksepte aplikasyon sa a, moun ki aplike a ap resevwa yon avi pou admisyon nan egzamen pou egzamen sa a.

Moun ki aplike a dwe konplete edikasyon ak eksperyans anvan li pran Egzamen Regilye Nasyonal AQB apwouve pou Lisans ak Sètifika a.

Lè mwen satisfè kondisyon pou eksperyans lan, kijan m ap aktyalize pou mwen soti yon asistan estimè a pou vin klase kòm yon estimè ki gen lisans oswa sètifika?

Si w ap fè mizajou nan klasman lisans oswa sètifika yo, ou dwe soumèt yon “nouvo” aplikasyon estimè ou ranpli ki satisfè kondisyon edikasyon ajou ak kondisyon eksperyans lan ak yon frè aplikasyon \$355 dola. Lè nou revize ak aksepte aplikasyon ajou a, w ap resevwa yon avi pou admisyon pou egzamen estimè a.

Èske gen ekivalans avèk lòt eta yo?

Wi, avèk eksepsyon Asistan Estimè yo. Yon moun ki aplike ka resevwa sètifika/lisans nan Eta New York san li pa fè egzamen, epitou moun ki aplike a ap resevwa lòt kalifikasyon si li bay prèv epitou si li resevwa sètifika/lisans nan yon lòt eta oswa teritwa:

- Ki pwogram Sou-Komite Federal Estimasyon apwouve ofisyèlman?
- Ki egzamen Komisyon Kalifikasyon Estimè Fondasyon Estimasyon (Appraiser Qualification Board of the Appraisal Foundation) apwouve?
- Moun ki gen egzijans pou kalifikasyon pou lisans ak sètifika ki satisfè oswa depase pa moun Eta New York yo.

Moun ki aplike pou ekivalans dwe soumèt dokiman ki endike anba la yo:

- Yon aplikasyon estimè ki ranpli (paj 5 ak 6) avèk yon frè \$330 dola (frè pou aplikasyon ak anrejistremant federal)

Dire pou lisans/sètifika ekivalan an se 2 zan.

Kijan pou mwen aplike pou yon lisans/sètifika pwovizwa?

Pafwa, yon estimè ki p ap viv nan Eta a ka vle fè biznis pou yon ti tan nan Eta New York. Moun ki aplike a ka resevwa yon lisans/sètifika pwovizwa pou li fè estimasyon nan Eta New York si moun ki aplike gen sètifika/lisans nan yon lòt eta oswa teritwa:

- ki pwogram Sou-Komite Federal Estimasyon apwouve ofisyèlman?
- ki egzamen Komisyon Kalifikasyon Estimè Fondasyon Estimasyon (Appraiser Qualification Board of the Appraisal Foundation) apwouve?

Moun ki aplike pou lisans oswa sètifika pwovizwa epi ki p ap viv nan eta a dwe soumèt:

- yon aplikasyon estimè yo ranpli (paj 5 ak 6) avèk frè aplikasyon \$125 dola a.

NÒT: MOUN KI APLIKE POU LISANS OSWA SÈTIFIKA PWOVIZWA PA KA KONSÈVE FONKSYON KI BAY SÈVIS ESTIMASYON POU KLIYAN KI NAN ETA NEW YORK.

Dire a se pou 1 ane epi ou pa kapab renouvle li.

Ki egzijans ki genyen pou yon Moun ki Aplike pou Estimè Sipèvizyon?

Moun ki aplike pou Estimè Sipèvizyon yo dwe:

- Patisipe nan kou 4 èdtan Estimè Sipèvizyon/Estimè Estajyè;
- Satisfè egzijans ki endike sou aplikasyon Enstwikèt Byen Imobilye ak Estimè Sipèvizyon;
- Soumèt yon aplikasyon ki ranpli pou nou revize ak apwouve

Èske gen nenpòt egzijans pou fòmasyon kontini pou renouvle lisans/sètifika mwen?

Wi, tout estimè byen imobilye yo dwe patisipe nan fòmasyon kontini apwouve pandan 28 èdtan nan limit dire lisans dezan yo pou yo kapab renouvle lisans/sètifika yo. Nan egzijans 28 èdtan sa a, yon estimè dwe patisipe nan kou resiklaj USPAP Nasyonan pandan 7 èdtan. Kou sa a ka aplike nan 28 èdtan egzijans fòmasyon kontini an. Tanpri sonje dapre egzijans Fondasyon Estimasyon (Appraisal Foundation), estimè yo dwe kontinye satisfè egzijans fòmasyon kontini 14 èdtan an menmsi yo p ap renouvle lisans yo. Pa egzanp, yon estimè ki gen lisans li ki ekspire nan dat 7 novanm 2007 epi ki pa renouvle li jouk 7 novanm 2008, ap gen obligasyon pou konplete 28 èdtan dire orijinal la plis yon lòt 14 èdtan pou ane lisans lan te ekspire a.

Li enpòtan pou sonje si yon estimè pa renouvle lisans li nan dezan ki vini apre dat ekspirasyon an, estimè a ap gen obligasyon pou resoumèt yon nouvo aplikasyon epi satisfè tout dènye kalifikasyon yo.

Deklarasyon konsènan Sipò Timoun

Yon Rapò konsènan Sipò Timoun obligatwa nan Eta New York (Lwa sou Obligasyon Jeneral) kit ou gen pitit kit ou pa genyen, oswa kit ou gen nenpòt obligasyon pou peye sipò kit ou pa genyen. **Si yon moun dwe kat (4) mwa oswa plis mwa nan aryere peman nan sipò timoun, nou ka sispann lisans biznis, lisans pwofesyonèl ak lisans chofè moun sa a.** Si ou fè espere pou bay yon fo deklarasyon alekri pou twonpe oswa dekouraje egzekisyon legal obligasyon pou peye sipò, ou ka tonbe anba pinisyon dapre §175.35 Lwa Penal. Si ou bay yon fo dokiman pou mete nan dosye ou nan yon ajans gouvènman leta oswa lokal avèk entansyon pou fè fwod, ou fè yon krim klas E.

AVI SOU KONFIDANSYALITE ENFÒMASYON PRIVE **Èske mwen dwe bay nimewo Sekirite Sosyal mwen ak nimewo ID Federal mwen sou aplikasyon an?**

Wi, si ou gen yon nimewo sekirite sosyal oswa yon nimewo ID (identifikasyon) federal, ou gen obligasyon pou bay nimewo sa a. Si ou pa gen yon nimewo sekirite sosyal oswa yon nimewo ID federal, tanpri bay yon eksplikasyon alekri.

Depatman-Deta gen obligasyon pou pran nimewo Sekirite Sosyal federal ak nimewo Identifikasyon Patwon tout lisans yo. Nou jwenn otorizasyon pou mande epi konsève enfòmasyon pèsonèl sa yo nan §5 Lwa Fiskal ak §3-503 Lwa sou Obligasyon Jeneral (General Obligations Law). Ou gen obligasyon pou bay enfòmasyon yo. Nou pran enfòmasyon yo pou pèmèt Depatman Taksasyon ak Finans (Department of Taxation and Finance) idantifye moun, biznis ak lòt moun ki anreta nan deklarasyon taks sou revni yo oswa ki te ka pa estime obligasyon fiskal yo ase epi anjeneral pou idantifye moun taks afekte ki anba kontwòl Manm Komisyon Taksasyon ak Finans. N ap itilize enfòmasyon yo pou administrasyon taks ak pou nenpòt lòt objektif ki otorize anba Lwa Fiskal (Tax Law), epitou ajans egzekisyon sipò timoun oswa reprezantan otorize eta sa a oswa lòt eta ka itilize enfòmasyon yo dapre Tit IV-D Lwa sou Sekirite Sosyal (Social Security Act), pou detèmine, modifiye oswa egzekite yon lòd sipò, men enfòmasyon yo p ap disponib pou piblik la. Yon eksplikasyon alekri obligatwa kote ou pa bay nimewo a. Direktè Administrasyon ak Jesyon ap konsève enfòmasyon sa yo nan Sistèm Enfòmasyon Livrezon Lisans nan adrès One Commerce Plaza, 99 Washington Avenue, Albany, NY 12231-0001.

(SI OU REPONN WI, ou dwe tache yon eksplikasyon.) _____

4. Ki dat ou fèt? _____
5. Èske ou te jan aplike oswa resevwa yon Lisans oswa Sètifika Estimatè Byen Imobilye nan Eta New York? UID# _____

Aplikasyon pou Lisans/Sètifika Estimatè Byen Imobilye

RAPÒ KONSÈNAN SIPÒ TIMOUN

Depi mwen siyen aplikasyon sa a, mwen konfime apati dat ki nan aplikasyon sa a, mwen pa gen yon obligasyon pou peye sipò timoun **OSWA** si mwen gen yon obligasyon pou peye sipò timoun, mwen pa reta kat (4) mwa oswa plis mwa nan aryere nan peman sipò timoun, oswa m ap fè peman avèk egzekisyon sou revni oswa dapre plan peman oswa plan re-peman tribinal egzije oswa dapre plan toulède moun ki konsène yo dakò oswa obligasyon mwen pou peye sipò timoun ka depannde yon pwosedi tribinal ki annatant, oswa m ap resevwa èd piblik oswa revni sekirite siplemantè.

Konsantman ak Chwa Ou Pa Kapab Anile

Mwen (nou) soumèt yon fason irevokab ba jiridiksyon tribinal Eta New York epi, answit, mwen (nou) chwazi yon fason irevokab Sekretè Eta New York kòm ajan li, epi yo ka remèt Sekretè a nenpòt konvokasyon, sitasyon pou prezante ak lòt pwosesis ki endike enstitisyon an nan nenpòt aksyon oswa pwosedi espesyal yo kòmanse nan Eta New York.

Avèk konsantman ak chwa sa a, mwen (nou) dakò pou yo dwe bay Sekretè-Deta a pwosesis la, nan tout fason, jan sa valab ak obligatwa tankou si yo bay sèvis pèsonèl sou enstitisyon an nan Eta New York.

Konfimasyon Moun ki Aplike a – Mwen konfime, anba menas sanksyon pou fo temwayaj, deklarasyon mwen fè yo nan aplikasyon sa a se deklarasyon ki vrè ak kòrèk. Mwen konfime enfòmasyon mwen bay nan fèy eksperyans lan se enfòmasyon ki vrè dapre tout sa mwen konnen ak kwè. Mwen rekonèt si mwen fè nenpòt erè enpòtan sa ka lakòz yo anile oswa sispann lisans/sètifika yo ban mwen an. Answit, mwen konfime mwen li ak konprann dispozisyon Tit 6E Lwa Egzekitif (Executive Law), règ ak règleman yo adopte annapre.

Siyati Moun ki Aplike a _____ Dat la _____

W ap gen pou peye yon frè \$20 dola pou nenpòt chèk bank ou retounen.

Li enpòtan pou ou fè Divizyon an konnen nenpòt chanjman nan adrès biznis ou pou ou kapab resevwa avi pou renouvèlman yo ak nenpòt lòt avi ki konsène lisans/sètifika ou.

Tanpri sonje pou mete dokiman siplemantè apwopriye yo ak tout frè yo (tanpri gade enstriksyon yo) ansanm avèk fòm aplikasyon ou.

A

Aplikasyon pou Sètifika/Lisans Leta pou Estimètè Byen Imobilye Edikasyon Estimètè Byen Imobilye

Antre enfòmasyon nou mande ou yo pou tout kou yo apwouve ak rekonèt pou estimètè oswa ekivalan an te patisipe ladan yo; sètadi, kou kote ou te resevwa yon sètifika patisipasyon, kote ou te patisipe epi pase egzamen final kou a. Mete enfòmasyon yo pou omwen 154 èdtan pou yon Asistan Estimètè, 150 èdtan plis yon Diplòm asosye oswa yon diplòm avanse oswa 30 èdtan pa semès pou estimètè byen imobilye rezidansyèl ki gen lisans, 200 èdtan plis yon Diplòm asosye oswa yon diplòm avanse pou estimètè byen imobilye rezidansyèl sètifye oswa 300 èdtan plis yon Diplòm asosye oswa yon diplòm avanse pou klasman jeneral sètifye. Ou dwe tache sètifika yo pou chak kou. Prèw kou nivo kolèj dwe se yon relvednòt lekòl oswa yon kopi diplòm nan.

Tit ak Nimewo Kou a	Founisè Sèvis Edikasyon	Kantite Èdtan	Mwa/Ane Ou Te Patrisipe

Pou Moun ki Aplike pou Lisans Estimasyon Byen Imobilye Rezidansyèl: Dwe gen omwen 2,000 èdtan.

Enfòmasyon Enpòtan Konsènan Estimasyon Revizyon: Pou Revizyon Estimasyon, yon moun ki aplike ka sèlman reklame yon kantite èdtan maksimòm pou chak revizyon estimasyon. Tanpri gade **Lejann pou Kantite Èdtan Maksimòm ki Admisib** nan Paj 11.

Pou Moun ki Aplike pou Sètifika Estimasyon Byen Imobilye Rezidansyèl: Dwe gen omwen 2,500 èdtan.

TOUT EKSPERYANS OU DEKLARE OU GENYEN NAN FÈY KESYON KI ANBA LA A DWE PARÈT TOU NAN FÈY EKSPERYANS LAN (DOKIMAN SIPLEMANTÈ D).

Kategori Rezidansyèl (Kèlkeswa valè tranzaksyon an oswa kompleksite li)					
	Estimasyon Estanda		Revizyon Estimasyon		Kantite Èdtan Total kòm Kredi
	Kantite Total Estimasyon	Vrè Kantite Èdtan	Kantite Total Revizyon Estimasyon	Vrè Kantite Èdtan	
A. Kay pou yon Sèl Fanmi (Koperativ oswa Kondominyòm Senp)					
<i>Egzanp</i>	20	120	4	6	126
B. Kay pou Anpil Fanmi (2-4 Apatman)					
C. Pasèl Teren Kay ki Vid (1-4 Apatman)					
Bitasyon Mwens pase 100 ak teren ki gen kay sou li					
				Kantite Èdtan Total kòm Kredi	
Eksperyans ki Obligatwa				Kantite Èdtan Minimòm	Kantite Èdtan Maksimòm
Estimasyon Byen Imobilye ki Gen Lisans Leta				2,000 Èdtan	3,000 Èdtan
Estimasyon Byen Imobilye Rezidansyèl ki Gen Lisans Leta				2,500 Èdtan	3,750 Èdtan
Estimasyon Jeneral ki Gen Sètifika Leta				3,000 Èdtan	4,500 Èdtan

Enfòmasyon Enpòtan Konsènan Estimasyon Revizyon: Pou Revizyon Estimasyon, yon moun ki aplike kapab sèlman reklame yon kantite èdtan maksimòm pou chak revizyon estimasyon. Tanpri gade **Lejann pou Kantite Èdtan Maksimòm ki Admisib** nan Paj 11.

Pou Moun ki Aplike pou Sètifika Jeneral: Dwe gen omwen 3,000 èdtan.

Pou moun ki aplike epi ki deklare yo gen eksperyans melanje: Si ou deklare ou gen eksperyans melanje, omwen 1,500 èdtan eksperyans obligatwa dwe nan kategori sa a pou moun ki aplike pou Sètifika Jeneral.

TOUT EKSPERYANS OU DEKLARE OU GENYEN NAN FÈY KESYON KI ANBA LA A DWE PARÈT TOU NAN FÈY EKSPERYANS LAN (DOKIMAN SIPLEMANTÈ D).

Kategori Jeneral					
	Estimasyon Estanda		Revizyon Estimasyon		Kantite Èdtan Total kòm Kredi
	Kantite Total Estimasyon	Vrè Kantite Èdtan	Kantite Total Revizyon Estimasyon	Vrè Kantite Èdtan	
D. Kay pou Anpil Fanmi , (5-12 apatman nan Inite, kondominyòm, kay kole, ak pak kay sou woulèt)					
Kay pou Anpil Fanmi , (13+ apatman nan Inite, kondominyòm, kay kole, ak Pak Kay sou Woulèt) [ajoute 12 èdtan pou pwojè yo pwopoze a]					
E. Yon Sèl Lokatè nan Bilding Komèsyal/Endistriyèl , (Biwo Bilding, R&D, Magazen Detayan, Restoran, Sèvis Estasyon, Depo, Sant Gadri, elatriye)					
Anpil Lokatè nan Bilding Komèsyal/Endistriyèl Senp (Biwo Bilding, R&D, Sant Komèsyal, Otèl, Depo) [ajoute 12 èdtan pou pwojè yo pwopoze a]					
F. Teren , (Bitasyon ki sou 100 ak tè oswa plis nan dimansyon, ki pa devlope Espas teren, espas kote anpil fanmi abite, sant komèsyal, sant Endistriyèl)					
Izin Manifakti					
Enstitisyonèl (Kay Repo, Mezon Retrèt, Lopital, Lekòl, Legliz, Bilding Gouvènman)					
Kantite Èdtan Total kòm Kredi					
Eksperyans ki Obligatwa				Kantite Èdtan Minimòm	Kantite Èdtan Maksimòm
Estimasyon Byen Imobilye ki Gen Lisans Leta				2,000 Èdtan	3,000 Èdtan
Estimasyon Byen Imobilye Rezidansyèl ki Gen Lisans Leta				2,500 Èdtan	3,750 Èdtan
Estimasyon Jeneral ki Gen Sètifika Leta				3,000 Èdtan	4,500 Èdtan

Aplikasyon pou Lisans/Sètifika Leta pou Estimasyon Byen Imobilye

Rejis Eksperyans Estimasyon

Enstwiksyon pou Dokiman Sipleman D

Enpòtan:

- Tout eksperyans ou deklare sou Rapò Eksperyans nan Estimasyon (Dokiman Sipleman C1/C2) dwe parèt tou sou Fè Eksperyans Estimasyon a (Dokiman Sipleman D).
- Endike nan **lòd kwonolojik** tout eksperyans ou deklare ou genyen nan fèy eksperyans ki tache a (Dokiman Sipleman D). Si eksperyans ou depase kalifikasyon ki obligatwa a anpil, li pa nesèsè pou bay tout estimasyon ou reyalize yo. Men, ou dwe soumèt yon kantite aktivite estimasyon ki ase pou satisfè egzijans kantite èdtan an pou klasman ou aplike pou li a epi ki konsène peryòd kalifikasyon apwopriye a.
- Estimasyon ki endike nan fèy sa a dwe konsène omwen **2 ane almannak okonplè (24 mwa) pou kategori Lisans oswa Sètifika Byen Imobilye Rezidansyèl**, epi omwen **2½ ane almannak (30 mwa) pou kategori Sètifika Jeneral la**. Pou asire yon moun ki aplike vin gen eksperyans sa a sou yon peryòd tan rezonab, li **pa ka deklare** eksperyans lan sou 5 ane.
- Ou dwe konsève rapò estimasyon yo ak done sipò yo nan dosye ou epitou yo dwe disponib pou Divizyon Sèvis Livrezon Lisans (Division of Licensing Services) revize yo.
- Pou ou kapab bay lis eksperyans admisib ou, w ap bezwen fè kopi sipleman fèy eksperyans lan (Dokiman Sipleman D). Ou dwe bay lis tout enfòmasyon yo egzakteman jan yo parèt. Nou p ap aksepte dokiman ou enprime nan òdinatè oswa diplikata fèy sa a.
- Chak fèy ou soumèt dwe gen **siyati orijinal** yon Estimasyon Sipèvizyon ki anrejistre nan Eta New York pou tout eksperyans ou vin genyen **apre 1ye jiyè 2013**.
- Ou dwe soumèt youn oswa kèk fèy apa pou chak estimasyon sipèvizyon, si li posib.

Lejann pou Kantite Èdtan Maksimòm dapre règleman

Kategori Rezidansyèl

Kay pou yon Sèl Fanmi, (Koperativ oswa Kondominyòm Senp) - Estanda - 6/Revizyon - 1.5

Kay pou Anpil Fanmi, (2-4 inite) - Estanda - 12/Revizyon - 3

Pasèl Teren Rezidansyèl ki Vid, (1-4 inite) - Estanda - 3/Revizyon - .75

Bitasyon, (Mwens pase 100 ak tè, ki gen kay sou li) - Estanda - 12/Revizyon - 3

Kategori Jeneral

Kay pou Anpil Fanmi, (5-12 inite - Apatman, kondominyòm, kay kole ak pak kay sou woulèt) - Estanda - 36/Revizyon 9

Kay pou Anpil Fanmi, (13+ inite - Apatman, kondominyòm, kay kole ak pak kay sou woulèt) - Estanda - 48 [ajoute 12 èdtan pou pwojè yo pwopoze a =60]/Revizyon-12 [oswa 15 pou pwojè yo pwopoze a]


Yon Sèl Lokatè nan Bilding Komèsyal/Endistriyèl (Bilding ki gen biwo, R&D, magazen detayan, restoran, estasyon gaz, depo, sant gadri, elatriye) - Estanda - 36/Revizyon - 9

Anpil Lokatè nan Bilding Komèsyal/Endistriyèl (Bilding ki gen biwo, R&D, sant komèsyal, otèl, depo) - Estanda - 60 [ajoute 12 èdtan pou pwojè yo pwopoze a = 72]/Revizyon - 15[oswa 18 pou pwojè yo pwopoze a]

Teran (Bitasyon 100 ak tè oswa plis nan dimansyon, espas teren ki pa devlope, espas rezidansyèl pou anpil fanmi, sant komèsyal, sant endistriyèl) - Estanda - 18/Revizyon - 4.5

Izin Fabrikasyon-Estanda - 48/Revizyon - 12

Enstitisyonèl (Kay repo, mezon retrèt, lopital, lekòl, legliz, bilding gouvènman) - Estanda - 48/Revizyon - 12



Aplikasyon pou Lisans/Sètifika Leta pou Estimè Byen Imobilye
Rejis Eksperyans Estimè - Paj _____ / _____

Ane: _____ Non Moun ki Aplike a: _____									
Moun ki aplike pou Lisans oswa Sètifika Estimè Byen Imobilye Rezidansyèl dwe gen dezan eksperyans. Estimè Jeneral ki Gen Sètifika dwe gen 30 mwa eksperyans. Tout fey la dwe nan lòd kwonolojik dapre dat estimasyon an.									
Siyati Estimè Sipèvizyon ak Nimewo UID: _____									
Dat Ou Fè Estimasyon an	Adrès Estimasyon an	Deskripsyon travay ou fè a*	Limit Revizyon ak Sipèvizyon Estimè Sipèvizyon an*	Kalite Pwopriyete a	Kalite Rapò Estimasyon an (Naratif/Fòm/Lòt)	Vrè Kantite Èdtan	Kalite Estimasyon an Estanda – S Revizyon – R	Kantite Total pou Estimasyon Byen Imobilye Rezidansyèl kòm Kredite *	Kantite Èdtan Jeneral kòm Kredite **
Kantite Èdtan Total ou Resevwa pou Estimasyon nan Byen Imobilye Rezidansyèl									
Kantite Èdtan Total ou Resevwa pou Estimasyon Jeneral									

Moun ki aplike a dwe antre vrè kantite èdtan an, ki dwe annamoni avèk kantite maksimòm yo aksepte nan règleman yo.

- * De (2) seksyon sa yo dwe idantifye sa ki anba la a aklè pou estimasyon ki endike a:
1. Yon deskripsyon travay estajyè a oswa moun ki aplike a fè a;
 2. Nivo sipèvizyon estimè sipèvizyon an fè a; epi
 3. Limit revizyon estimè sipèvizyon an fè a.

** Gade Lejann pou Kantite èdtan Maksimòm nou Aksepte yo.

Aplikasyon pou Lisans/Sètifika Leta pou Estimasyon Byen Imobilye

Enfòmasyon ak enstwiksyon pou Dokiman Sipleman E Rapòtaj Eksperyans nan Estimasyon Jeneral Admisib Sèlman

NON MOUN KI APLIKE A (ANTRE NON AN EGZAKTEMAN JAN LI PARÈT NAN PAJ 1 APLIKASYON AN)

Seksyon 1102.7 Tit 19 Konpilasyon Kòd Ofisyèl, Règ ak Règleman Eta New York pèmèt moun ki aplike yo itilize eksperyans jeneral nan estimasyon pou yo kalifye pou lisans oswa sètifika. Tout eksperyans ou deklare a ta dwe fèt annakò avèk Estanda 6 Estanda Inifòm Pratik Estimasyon Pwofesyonèl Fondasyon Estimasyon.

Moun ki aplike epi ki itilize aktivite estimasyon jeneral pou satisfè tout oswa yon pati egzijans eksperyans yo **dwe satisfè kritè ki endike anba la yo**. Metòd ak egzijans pou rapòte eksperyans lan diferan avèk estimasyon tradisyonèl yo. Poutèt sa, tanpri **li avèk anpil atansyon** enstwiksyon ki anba la yo.

- Si w ap itilize eksperyans nan estimasyon jeneral pou kalifye pou lisans oswa sètifika, tanpri ranpli Dokiman Sipleman E.
- Si w ap itilize eksperyans melanje pou kalifye pou lisans oswa sètifika, ou dwe ranpli Dokiman Sipleman E ak D pou eksperyans tradisyonèl, Dokiman Sipleman E pou eksperyans nan estimasyon jeneral ak Dokiman Sipleman F.

Egzijans yo

ESTIMATÈ BYEN IMOBILYE REZIDANSYÈL KI GEN LISANS LETA

1. Yon moun ki aplike pou **estimasyon byen imobilye rezidansyèl ki gen lisans leta** dwe gen omwen 2,000 èdtan sou yon peryòd omwen dezan ap fè estimasyon jeneral oswa ekivalan li. Dokiman moun ki aplike a dwe montre moun ki aplike a te angaje pandan omwen 1,500 èdtan ap fè estimasyon jeneral pwopriyete nan kategori rezidansyèl.
2. a) Yon moun ki aplike dwe montre efikasite modèl estimasyon jeneral moun ki aplike a depi li soumèt estimasyon pwopriyete senp nan katye ki apa. Estimasyon pwopriyete senp yo dwe montre konfòmite avèk estanda estimasyon ki endike nan Pati 1106 (USPAP).
b) Yon moun ki aplike pou lisans rezidansyèl oswa pou sètifika rezidansyèl dwe soumèt omwen yon estimasyon pwopriyete senp nan **omwen twa (3)** kategori rezidansyèl (minimòm twa rapò estimasyon ki obligatwa).
3. Yon moun ki aplike dwe montre li gen eksperyans nan chak nan twa (3) travay debaz yon estimasyon jeneral (Rasanblaj Done, Modelizasyon ak Analiz Valè, epi Evalyasyon ak Revizyon Final). Eksperyans moun ki aplike a nan chak kategori, kòm yon pousantaj eksperyans obligatwa total, dwe nan limit maksimòm ak minimòm ki endike sou Fèy Eksperyans nan Estimasyon Jeneral la.

ESTIMATÈ BYEN IMOBILYE REZIDANSYÈL KI GEN SÈTIFIKA LETA

1. Yon moun ki aplike pou **estimasyon byen imobilye rezidansyèl ki gen sètifika leta** dwe gen omwen 2,500 èdtan sou yon peryòd omwen dezan ap fè estimasyon jeneral oswa ekivalan li. Dokiman moun ki aplike a dwe montre moun ki aplike a te angaje pandan omwen 1,875 èdtan ap fè estimasyon jeneral pwopriyete nan kategori rezidansyèl ki endike nan paj apre a.

Aplikasyon pou Lisans/Sètifika Estimasyon Byen Imobilye

Answit, moun ki aplike ki gen sètifika leta yo dwe satisfè sa ki endike anba la a: omwen 80% (1,500 èdtan) eksperyans rezidansyèl dwe nan kategori kay pou yon sèl fanm (ansanm ak koperativ oswa kondominyòm senp). Omwen 10% (187.5 èdtan) eksperyans rezidansyèl dwe soti nan youn oswa plis nan kategori ki rete yo: (kay pou anpil fanmi oswa pasèl teren rezidansyèl/bitasyon ki vid). Li dwe montre rès 10% an nan nenpòt kategori rezidansyèl.

2. a) Yon moun ki aplike dwe montre efikasite modèl estimasyon jeneral moun ki aplike a depi li soumèt estimasyon pwopriyete senp nan katye ki apa. Estimasyon pwopriyete senp yo dwe montre konfòmite avèk estanda estimasyon ki endike nan Pati 1106 (USPAP).
- b) Yon moun ki aplike pou lisans rezidansyèl oswa pou sètifika rezidansyèl dwe soumèt omwen **yon** estimasyon pwopriyete senp nan **omwen twa (3)** kategori rezidansyèl (minimòm twa rapò estimasyon ki obligatwa).
3. Yon moun ki aplike dwe montre li gen eksperyans nan chak nan twa (3) travay debaz yon estimasyon jeneral (Rasanblaj Done, Modelizasyon ak Analiz Valè, epi Evalyasyon ak Revizyon Final). Eksperyans moun ki aplike a nan chak kategori, kòm yon pousantaj eksperyans obligatwa total, dwe nan limit maksimòm ak minimòm ki endike nan enstwiksyon yo.

Kategori Rezidansyèl

- (i) Kay pou yon Sèl Fanmi, (tankou koperativ oswa kondominyòm senp)
- (ii) Kay pou Anpil Fanmi, (2-4 inite)
- (iii) Espas Teren Rezidansyèl ki Vid, (1-4 inite), oswa
- (iv) Bitasyon, (mwens pase 100 ak tè, ki gen kay sou li)

ESTIMATÈ BYEN IMOBILYE JENERAL KI GEN SÈTIFIKA LETA

1. Yon moun ki aplike pou **sètifika general** dwe note moun nan gen omwen 3,000 èdtan sou yon peryòd omwen 2½ zan ap fè estimasyon jeneral oswa ekivalan li. Dokiman moun ki aplike a dwe montre moun ki aplike a te angaje pandan omwen 2,250 èdtan ap fè estimasyon jeneral pwopriyete nan kategori jeneral.

Answit, moun ki aplike ki gen eksperyans jeneral la dwe gen eksperyans nan kay pou anpil fanmi, bilding komèsyal/endistriyèl, oswa lòt (teren/manifakti/enstitisyon). 60% (1,350 èdtan) eksperyans jeneral la dwe nan youn nan kategori anwo a. 20% (450 èdtan) eksperyans jeneral la dwe nan chak nan kategori ki rete yo.

2. a) Yon moun ki aplike dwe montre efikasite modèl estimasyon jeneral moun ki aplike a depi li soumèt estimasyon pwopriyete senp nan katye ki apa. Estimasyon pwopriyete senp yo dwe montre konfòmite avèk estanda estimasyon ki endike nan Pati 1106 (USPAP).
- b) Yon moun ki aplike pou sètifika jeneral dwe soumèt omwen **yon** estimasyon kay senp nan **omwen kat (4)** kategori jeneral ki endike nan #3 (minimòm kat rapò estimasyon ki obligatwa).
3. Yon moun ki aplike dwe montre li gen eksperyans nan chak nan twa (3) travay debaz yon estimasyon jeneral (Rasanblaj Done, Modelizasyon ak Analiz Valè, epi Evalyasyon ak Revizyon Final). Eksperyans moun ki aplike a nan chak kategori, kòm yon pousantaj eksperyans obligatwa total, dwe nan limit maksimòm ak minimòm ki endike sou Fèy Eksperyans nan Estimasyon Jeneral la.

Kategori Jeneral

- (i) Biding ki gen apatman (plis pase kat inite);
- (ii) Teren (espas teren ki pa devlope, sant komèsyal, sant endistriyèl, oswa sant sèvis piblik);
- (iii) Bitasyon ki pi gran pase 100 ak tè;
- (iv) Konplèks ki gen kay kole;
- (v) Konplèks ki gen kondominyòm;
- (vi) Pak kay sou woulèt;
- (vii) Izin manifakti;
- (viii) Biding ki gen biwo (yon sèl lokatè);
- (ix) Biding ki gen biwo (anpil lokatè);
- (x) Sant magazen detayan ak sant komèsyal;
- (xi) Depo;
- (xii) Restoran;
- (xiii) Biding R&D;
- (xiv) Sant gadri;
- (xv) Otèl ak motèl;
- (xvi) Estasyon gaz oswa estasyon sèvis;
- (xvii) Lopital, kay retrèt ak sant swen sante;
- (xviii) Lekòl, legliz oswa biding gouvènman; epi
- (xix) Lòt pwopriyete byen imobilye komèsyal, endistriyèl oswa sèvis piblik.

Dat - Bay chak pwojè estimasyon jeneral ou mande kredi pou yo (nan lòd kwonolojik, apati premye dat la). Endike dat (yo) ou te travay sou chak pwojè. Pou ou kapab bay lis tout eksperyans admisib ou, ou ka bezwen fè kopi siplemantè fèy eksperyans lan.

Kalite pwopriyete a - Endike kalite pwopriyete a. (pa egzanp, 50 kay pou yon sèl fanmi). Gade kategori rezidansyèl ak jeneral ki endike anwo a.

Deskripsyon Pwopriyete a - (pa egzanp adrès pwopriyete yo, nimewo pasèl yo oswa pwojè a.)

Deskripsyon Travay Ki Fèt la - Dekri travay estajyè a oswa moun ki aplike a te fè a (pa egzanp, Analiz lavant, enspeksyon teren, elatriye).

Limit Revizyon Estimaté Sipèvizyon - Dekri limit revizyon estimaté sipèvizyon an te fè a (pa egzanp, Li te revize analiz lavant lan epitou li te diskite sou rezilta valè final la).

Limit Sipèvizyon Estimaté Sipèvizyon an - Dekri nivo sipèvizyon estimaté sipèvizyon an te fè (pa egzanp, Li te fè tout pwosesis estimasyon an avèk estajyè a, ansanm ak enspeksyon teren, rasanble eleman ak karakteristik pwopriyete a, mezire yo, verifiye yo epi note yo.)

Kantite Èdtan Total Eksperyans lan - Repati kantite èdtan eksperyans ou pou chak pwojè dapre kantite èdtan total yo. Gade lis kalite pwopriyete jeneral ki endike anwo a.

Kantite Èdtan Total Eksperyans Rezidansyèl la - Repati kantite èdtan eksperyans ou pou chak pwojè dapre kantite èdtan rezidansyèl yo. Gade lis kalite pwopriyete rezidansyèl ki endike anwo a.

Afektasyon Eksperyans nan Estimasyon Jeneral - Afekte kantite èdtan eksperyans ou nan kolòn anvan yo nan chak nan twa (3) travay debaz yon estimasyon jeneral. Eksperyans ou nan chak kategori, kòm yon pousantaj eksperyans total ki obligatwa, dwe tonbe nan paramèt ki endike anba la yo:

TRAVAY DEBAZ

Estimasyon Jeneral Obligatwa	Eksperyans Minimòm Obligatwa	Eksperyans Maksimòm Akseptab
Rasanblaj Done	20%	25%
Modelizasyon ak Analiz Valè	30%	50%
Evalyasyon ak Revizyon Final	30%	50%

Aplikasyon pou Lisans/Sètifika Estimasyon Byen Imobilye

Siyati Sipèvizè - Sipèvizè pwojè a oswa lòt moun ki responsab la dwe konfime eksperyans ou deklare pou chak pwojè. Sipèvizè a dwe siyen anba fèy la, epitou li dwe mete Nimewo Idantifikasyon Inik li pou chak paj fèy la ki ranpli.

NÒT: N ap chwazi modèl travay yo nan fèy eksperyans yo pou detèmine si moun ki aplike a te fè estimasyon ki konfòm avèk USPAP.

E

Aplikasyon pou Lisans/Sètifika Leta pou Estimativ Byen Imobilye Rejis Eksperyans nan Estimasyon Jeneral (Estanda 6 USPAP)

NON MOUN KI APLIKE: _____

TELEFON (KAY): _____ (BIZNIS): _____

Dat (yo)	Kalite Pwopriyete a	Deskripsyon Pwopriyete a (pa egzamp, adrès la; nimewo pasèl yo; pwojè)	*Deskripsyon Travay ki Fèt la	*Limit Revizyon Estimativ Sipèvizyon an	*Limit Sipèvizyon Estimativ Sipèvizyon an	Kantite Edtan Eksperyans Jeneral	Kantite Edtan Total Eksperyans Rezidansyèl	Afektasyon Kantite Edtan Eksperyans nan Estimasyon				
								Rasanblaj Done	Analiz ak Modelizasyon	Evalyasyon ak Revizyon Final		

* Twa (3) seksyon sa yo dwe idantifye sa ki anba la a aklè pou estimasyon ki endike a:

1. Yon deskripsyon travay estajè a oswa moun ki aplike a fè a;
2. Limit revizyon estimativ sipèvizyon fè revizyon an.
3. Nivo sipèvizyon estimativ sipèvizyon an fè a; epi

** Moun ki aplike a te patisipe nan pwojè estimasyon jeneral ki idantifye anwo a ak eksperyans li fè konnen moun ki aplike a te genyen yon fason jeneral ki annakò avèk Estanda 6 Estanda Inifòm Pratik Estimasyon Pwofesyonèl Fondasyon Estimasyon.

Mwen konfime moun nan te fè eksperyans ki endike anba la a dapre Seksyon 1102.7, 19 NYCRR.

X

** (Siyati ak UID Sipèvizè a)

NON MOUN KI APLIKE A (ANTRE NON AN EGZAKTEMAN JAN LI PARÈT NAN PAJ 1 APLIKASYON AN)

Egzijans pou eksperyans ki endike nan Dokiman Siplemanchè C ak E se menm bagay la. Metòd ak pwosedi pou rapòte eksperyans sa a gen gwo diferans ladan.

Pou evite erè oswa reta lè n ap travay sou aplikasyon ou, tanpri melanje kantite èdtan eksperyans ou:

1. Si ou reklame kredi pou eksperyans nan estimasyon jeneral sèlman:

Kantite èdtan total ou deklare:

Rezidansyèl _____ Jeneral _____

2. Si ou reklame kredi pou eksperyans nan estimasyon tradisyonèl ak eksperyans nan estimasyon jeneral:

- a) Kantite èdtan ou deklare nan Dokiman Siplemanchè C:

Rezidansyèl _____ Jeneral _____

- a) Kantite èdtan ou deklare nan Dokiman Siplemanchè E:

Rezidansyèl _____ Jeneral _____

Kantite Èdtan Total Ou Deklare:

Rezidansyèl _____ Jeneral _____

RAPÈL:

- Si ou itilize nenpòt eksperyans nan estimasyon jeneral, ou dwe ranpli sèlman Dokiman Siplemanchè E pou egzijans pou eksperyans lan.
- Si w ap itilize sèlman eksperyans estimasyon tradisyonèl, ou dwe ranpli sèlman Dokiman Siplemanchè C ak D pou egzijans pou eksperyans lan.
- Si w ap itilize eksperyans melanje, ou dwe ranpli Dokiman Siplemanchè C ak D pou eksperyans tradisyonèl, Dokiman Siplemanchè E pou eksperyans nan estimasyon jeneral ak Dokiman Siplemanchè F.